



Sitadèl Laferyè

Atizay Ayiti

Rebecca Hinson

Sitadèl Laferyè

Atizay Ayiti

Rebecca Hinson

Tradiksyon: Jacques Pierre



Dedye pou tout timoun ann Ayiti

Dwa sou Liv la © 2016 Rebecca Ann Hinson

Tout dwa pou otè a.

Nimewo Kontwòl Libreri Kongrè a sou Liv la: 2015915717

Editè tèks orijinal la: Richard Lederer & John Robuck

Pou tradiksyon an: Jacques Pierre, Ko-direktè (Haiti Lab, Duke University)

Istoryen Konsilte: Laurent Dubois & Philippe Girard

Rebecca Hinson Publishing

Lake Worth, Florida

Enprime nan Etazini

ISBN 978-1-942765-49-3

ATIS Po, 2, 16, 21, 22, 23, 24, Henri Barré, Henri Christophe; 3, 4, 8, 11, 15, 17, 18, 19, 20, Mahlon Blaine; 5, 6, 9, 14, Ulrick Jean-Pierre (Jean-Pierre se yon atis k ap viv nan New Orleans, Louisiana.) Koleksyon Drs. Edna & Farère Dyer; 10, François-Joseph Kinson; 12, Ulrick Jean-Pierre, Koleksyon Dr. & Mrs. Michel Joseph Lemaire.

SOUS Henri Christophe, *Haytian Papers*; Cécile Accilien, Jessica Adams, Elmide Méléance, *Revolutionary Freedoms*; Laurent Dubois, *Avengers of the New World*; Philippe Girard, *Haiti*; John W. Vandercook, *Black Majesty*.



Sitadèl Laferyè te bati pou anpeche Lafrans anvayi Ayiti, epi pou konbat tout fòs ki ta vle retounen ak lesklavaj sou zile a. Fò Sitadèl Laferyè a chita nan tèt mòn Bonè a Levèk ki anviwon 792 mètr otè. Sitadèl la domine zòn nò Ayiti ak Oseyan Atlantik la. Fò a reprezante yon moniman pou esklav nwa peyi Ayiti ki te pran lendepandans yo, e se yon sous enspirasyon pou tout pèp nwa sou latè.



Listwa Sitadèl la koumanse ak nesans yon timoun. Plizyè moun di Kristòf se pitit de esklav nwa Sen Domeng nan lane 1767. Lè li te gen sèt an, Kristòf aprann metye mason, pòtè wòch, brase mòtye. Lè li te gen douz an, Kristòf sove kite kay li. Men, yo te vann li ba yon ofisyè lamarin Franse ki te sou wout pou ale ede koloni ameriken yo ki te nan batay.



Lè ofisye a tounen Okap, li vann Kristòf ba yon nwa, yon pwopriyetè lotèl. Kristòf, apre yon ti tan, achte libète li nan men pwopriyetè a. Nan lane 1789, Kristòf wè ak de grenn je li abi ak lanmò de nwa afranchi viktim paske yo t ap revandike dwa pou moun ka vote. Yon esklav, Jan-Jak Desalin, epi Touden Louvèti, yon afranchi te temwen evènman brital sa a.



Lidè esklav yo te reyini 14 out 1791 nan Bwa Kayiman ak yon prèt vodouyizan (ougan) ki rele Diti Boukman, epi yon manbo ki rele Sesil Fatiman. Tousen Louvèti, Jan-Jak Desalin, elatriye... sèmante sou san yo pou yo revòlte, epi kase chenn lesklavaj la. Boukman fè yo konnen, Ogou ki se sen patwon lagè nan vodou va ba yo fòs pou yo pran libète yo.



Rebèl yo boule 600 plantasyon kafe ak 200
gildiv ra pye tè. Apre sa, Lafrans deklare Lespay ak
Langletè lagè.



Tousen Louvèti ansanm ak lòt rebèl travèse nan pati espanyòl zile a pou reyini ak gwoup sòlda pa yo. Lè reprezantan Lafrans lan pase yon lwa ki aboli lesklavaj, Tousen Louvèti chanje kan, epi li deklare: “Mwen vle libète ak egalite blayi nan Sen Domeng, frè m yo, an nou tout met tèt ansanm pou nou batay.”



Kristòf, ki gen 27 lane kounye a, dakò pou fè ekip ak Louvèti nan batay la. Lane nèg nwa yo tounen yon michan fòs pou batay kont lame Lespay ak Langletè. Lane nèg nwa yo toupizi lame Lespay la nan lane 1795, epi lame Langletè a nan lane 1798. Anvan menm Angle yo kite Sen Domeng, Louvèti te nonmen Jeneral Kristòf Kòmandan Okap.



Louvèti nonmen tèt li Gouvènè Jeneral tout zile Ispanyola a. Li ekri yon konstitisyon nan lane 1801. Konstitisyon sa a di; tout moun ki fèt nan koloni an dwe “gen menm dwa, yo dwe lib, epi yo se sitwayen Lafrans”; men, li mande pou tout esklav lib yo kontinye travay nan plantasyon yo, epi resevwa yon pati nan rekòt la.



Konsil Franse a (Napoleyon) pase lòd bay Jeneral Leklè pou li debarase l ak Touden ansanm ak tout jeneral li yo nan zile a, dezame tout nèg nwa, tout milat, epi fè yo retounen sou plantasyon yo. Lè Leklè rive nan zile a ak katreven sis bato lagè ansanm ak 22,000 sòlda, Kristòf refize resevwa yo toutotan Louvèti pa ba li lòd.



Osinon, l ap boule Okap ra pye tè. Jan li te di a, Kristòf mete dife nan pwòp kay li ki te byen bèl. Apre sa, li pran chwal li, epi li pati nan mòn ak sòlda li yo pou li al jwenn Touden. Apre Louvèti refize yon demann bò kote Leklè pou bese lèzam, Louvèti batay pandan 3 mwa kont michan lame ak sòlda maren Leklè yo. Pandan yon bese lèzam, yo pran Touden nan yon pyèj, epi yo mete li nan prizon.